	Тема	10 класс. Нохчийн мотт
Лексикологи	Изложени «Нохчийн кьехочун доьзалан дахар»	**Нохчийн къехочун доьзалан дахар** Юрт балха йоьллера. Гуьйренан докъар д1а узуш бара нах. Керташкахь ирах1уьттуш лаьттара г1одамийн такхораш. Органца хьалаохьа йиллинчу юьртарчу дитташна т1ера г1аш эсаро дахьийнера. Органца г1ийла хьоькхучу мохо уьш охьаэгадора. Ерзанаяьллачу бошмашкахула хьо д1ахьаьжча къаьстара керташкахь лаьтташ дечигин саьлнаш тайп-тайпанчу докъарийн раьг1наш; цхьаболчийн тилийна, доьрчашна чу ерзийна, вукхеран белхишка тилаяйта уьйт1ахула моггlара д1айоьхкина хьаьжк1аш – 1аьнна чуберза кечлуш бара нах. Юьртан йохалла чекхболучу некъа т1е ков а дог1уш, малхбалехьа дерзийна лохий ц1енош уьйт1ахь а долуш керт гора. Кет1ахь т1екъовлу ков серийн з1ар дара, оцу йоккхачу керта б1аьрг тоьхча, гуш дерг дара: ц1енойх хоьттина, ча т1е а тоьхна динчу серийн божална хьалха 1уьллуш цхьа ворда хиллал дечиг а; ц1еношна т1ехьахула д1айоьдучу керта йийначу хьаьжк1ийн г1одамех дина кегий такхораш а, учахула якъо оьхкина дукъох кхозу хьаьжк1ийн курсаш а. Уьйт1ахь доллучу къеначу дитта к1ел 1уьллучу боккхачу т1улга т1ехь lаш хуьлура, этт1ачу машин чухула йоллучу кхекхийн кетарх а хьаьрчина, боккха месала куй коьрта а тиллина, шарахь хорша хьехча санна, бос байначу юьхь т1ехь яьлла 1аьржа маж а йолуш, я мача тоьгуш, я чуха хуттуш воллуш жимачу дег1ахь цхьа стаг а, диттах букъ а тоьхна, цунна т1ех1оьттина лаьтташ жима к1ант а. Жима волуш дуьйна а кхетаме вара Хьамид. Цхьа а харцахьара г1уллакх цуьнгара долуш дацара. Йоманаш ехкинчу не1армачашна чухула б1ег1иган б1оржамаш а буьйхйна, шен тишъеллачу лаьстиган г1абалех нанас шена йинчу г1овтална т1ехула доьхкаран локхар а йихкина, пхьаьрса к1ел дечигаш а доьхкина, Хьамид новкъа воьдуш гинчунна хуур дара, Хьамид ира хьекъал долуш бер хилар – цуьнан новкъа вахарх а, шен г1уллакх доцчу цуьнан цакхийдарх а, шена бала боцург цо ца тергалдарх а… (253 дош) (Сальмурзаев Мохьмад «Кхетаме Хьамид»)

		Хьесап: 1. Юрт балха йоьллера, 1аьнна чуберза кечлуш бара нах. 2. Нохчийн къехочун доьзалан дахар. 3. Хьамид – ира хьекъал долуш бер.
Фонетикан хаамаш	Талламан диктант	**Бештон дагна хилла чевнаш** Йоккхачу исбаьхьаллица диллина повесть т1ехь Бештон васт. Йоьшуш волчунна ч1ог1а 1аьткъачу аг1ор гайтина Бадуев Саь1ида цунна хилла бохамаш. Къона, дуьненах сакъералуш, ницкъах вуьззина волу Бешто массо а х1уманах дог даьллий, дуьненах чам байний д1ах1оьттира… Цхьа тайпа дуьненан синкъерам бацара Бештон. Цуьнан дерриг а г1уллакх шен наний, Бусаний йолчу кешнашка вахар дара. Пхийтта шарахь, цу тайпана бала а хьегна, оцу кешнашка ваханчохь вала а велира иза… …Бештог1еран уьйт1а а лилхина, Бусанин наха дов доккху. Хьасана, бе а бехк боцуш, Бештона коьртах шаьлта туьйхира. Бешто сов ч1ог1а б1агор беана, хьаьвзаш го а боккхуш, шайн уча аркъал вуьйжира. Чов ц1ан а йина д1айихкича, жимма меттавеана Бешто, цомгуш 1уьллучу шен нанна т1евахара, амма вуьшта а, цамгаро ч1ог1а ницкъ бина к1елйисина йолу Рака1ат, шен к1антана, ц1еххьана кхайкхина ара а ваьккхина, чевнаш яр ла а ца делла, елла хиллера. Бешто холчу х1оьттира, кхуьнан б1аьргех мела хи хьаьдира. Ненан са даларо кхунна шена коьртах хилла чов йицйинера, х1ара, цунна улло а воьжна, воьлхуш 1уьллура.
Морфологи а,орфографи а.	**Изложени**	**Ненаден къамел** Цкъа цхьана дийнахь, мичара вели а ца хууш, тховх чувоьжча санна, сан ненада веара со волчу. Со т1ехь 1уьллучу маьнгин йистте охьа а хиъна, ша санна шийла шен куьг сан коьрта т1е диллира: – Салам ду хьоьга, сан хьомениг... Жоп ло х1ай, оьг1аз ма эха!.. Ваставеллий хьо?.. Цо шен киснара пряниках йина газа а, шекаран ши б1елиг а, 1аж а, кемсийн кан а схьабаьккхира, уьш ерриш а г1айбина т1е охьаехкира.

		– Хьажал, хьо, аса хьуна мерза х1уманаш еана! Охьа а таь1на, суна хьаьж т1е барт баькkхира цо; т1аккха къамел долийра, ситтина йолчу, олхазаран м1арех терчу, цуьнан м1арашна т1ехь къаьсттина ч1ог1а хаалуш долчу можачу басарша дуьзна долу шен жима, энжеде куьг меллаша сан коьрта т1ехула а хьоькхуш. – Х1етахь аса хьуна совнаха х1ума тоьхна моьтту суна, ваша. Ч1ог1а оьг1азвахнера со; ахь цергаш йихкира, м1араш туьйсура, т1аккха со оьг1азвахнера! Делахь а, иза х1ума дац, ахь совнаха лайнарг – т1ейолчу ханна д1алорур ду вай! (145 дош)
Кьамелан дакьош	**Шеран диктант**	**Имам Шемал Нохчийчохь** Шаьш долчу туьша иккхина Шемал Даьттахахь декъалвора нохчаша. Цуьнан сийдеш, сту а бийна, шун х1оттийра. Кхо де даькkхира цо цигахь. Ткъа Бенахь жимма хьевелира иза. Кхузахь хазахетар а хилира цунна. Шемалан дукхаезачу зудчо Пет1амата к1ант вира кхузахь. Беной а ца ийшира даьттахойл. к1антана ц1е туьллуш, масех бежана а дуьйш, сагlа даькkхира цара. Иштта Бенахь дуьнена велира т1аьхьа паччахьан эскаран инарла-майор хинволу Мохьмад-Шафи. Амма воьалг1а к1ант дуьнен т1е валаро а ца яржайора Шемалан даг т1ера дохк. Шемалан Нохчийчу варан коьрта 1алашо яра: Дег1астанахь йоьжна маршонан байракх х1окху **къармазечу** нохчийн г1оьнца хьалаайба. Хьанна хаьа, цунах-м Нохчийчоьнан а, Дег1астанан а имам хила а мегий. Делан къайленаш дукха ма ю. Азаллехь синош кхуллуш Шемалан сиз оцу arlop хьаькхна хила а ма мега. Кху деношкахь цунна т1еоьху б1еннаш мог1ара нохчий-м **муьт1ахь** бара х1окхунна. *(А. Айдамиров)* **3.-Дешнаш т1ехь болх: къармазечу, муьт1ахь**

		10 кл **Нохчийн литература**
Тема		
Арсанов С-Бейн кхолларалла	**Сочинени**	**«Маца девза доттаг1алла»**
Гадаев Мохьмад	**Сочинени**	**«Гадаев Мохьмадан кхолларалла»**
Гайсултанов 1умаран кхолларалла	**Сочинени**	**«Александр Чеченский»**
Эдилов Хас-Мохьмадан кхолларалла	**Сочинени**	**«Сийлаха»**
Ппроект		**«Нохчийн доьзалехь ден меттиг»**
Проект		**"Г1иллакх-оьздангалла - къоман сийлахь мехалла"**
		11 кл **Нохчийн мотт**
Цхьалхе предложениш	**Изложени**	**Дайн 1адат** Мацах цхьана юьртахь ловзар хилла. Луларчу ярташкара кегийрхой, баккхий нах а баьхкина, ч1ог1а тамехь д1ах1оьттинчу цу ловзаргахь, шина жимхина юкъахь хиллачу дар-дацарехь, цу шиннах цхьаъ, шаьлта а кхетта, велла. Велларг ша цхьалха вехаш-1аш волчу воккхачу стеган к1ант хилла.

Т1аьхьадаьлла орца а долуш, ведда вог1у х1ара куьгбехкениг веллачу к1ентан уьйт1а нисвелла. Къоьжа маж а йолуш, хено дакъийна куьйгаш 1асанна т1е а дехкина, шена хьалха лаьттачу воккхачу стаге дехна шен къона са дадийна веанчо:

– Воккха стаг, ларамза, ца хууш, сан карах стаг вели-кх оцу ловзаргахь... Хьайн таро елахь, къайлаваккхахьара ахь со, орца ду-кх суна т1екхуьуш, – аьлла.

– Схьавола сан х1усаме, ас лардийр ду хьан дег1 а, са а, – аьлла, жоп делла цуьнан дехарна воккхачу стага. Йоккха г1овг1а а эккхийтина, воккхачу стеган ков-керта кхаьчна куьгбехкечунна т1аьхьадаьлла орца.

Воккха стаг, – аьлла, д1адолийна шен къамел царах цхьамма, – дош дашера а даьлла, иза девне а дирзина, шаьлта тоьхна хьан цхьаъ бен воцу к1ант вий-кх хьенехеран ловзаргахь. Куьгбехкениг хьан керта эккхаш гира тхуна. Бехк ма биллахьара ахь, г1ара-г1овг1а яхьаш, тхо хьайн керта лелхарна. Галдевлла хилла тхо, хьан керта иза вог1ийла дац. Дала гечдойла хьан к1антана! Дала собар лойла хьан син-дег1ана!

Цара деш долу къамел ша ма-дарра хезаш хилла шен са дадийна веаначунна.

Гобина шена лаьтташ долчу адамашка собаре хилар а дехна, шен ц1ийнан не1арехьа а вирзина, кхайкхина воккха стаг:

– Хьаша, схьагучувала, хьан сина кхерам бац х1окху х1усамехь, х1окху кертахь...

Корта охьа а бахийтина араваьллачу к1анте юха а вистхилла воккха стаг:

– И цхьа г1ортор, и цхьа т1аьхье яра сан, со велча, сан тезет схьаэца йисина, т1аьххьара суна чуьра са д1адолуш сан б1аьрнег1арш д1акъовла виснарг и цхьаъ вара. Йохий ахь сан син г1ала, д1аяьккхи ахь син г1ортор, хадий ахь сан орам... Х1инца маьрша ву хьо, цуьнан ч1ир лохуберш юха хьайна т1екхаччалц!

Зиярт чуьра араволуш санна, 1аш волчу воккхачу стагана а, гулделлачу адамашна а шен букъ ца гойтуш, къайлаваьлла кхайкхаза веана хьаша. (300 дош)

(Д. Сумбулатов)

Хьесап:

1. Ловзаргахь хилла бохам.
2. Лурвоьлларг веллачу к1ентан да волчу кхочу.
3. Хьаша ларвар – дайн 1адат.
4. Орца т1аьхьакхочу.
5. Ирча кхаъ.
6. Воккхачу стеган къонахалла.

11 кл Нохчийн литература Мах хадоран г1ирсийн фонд		
Гуьйренна лерина	**Сочинени**	**«Дашо гуьйре»**
Айдамиров Абуза-ран кхолларалле хаамаш	**Сочинени**	**«Еха буьйсанаш» романехь нохчийн зударийн кхоллам»**
Сибрехахь лайна-чу балийна лери-на	**Сочинени**	**"Кхойтта шаре бахбелла некъ"**
Нохчийн меттан денна лерина .	**Сочинени**	**«Нохчийн мотт – дахаран хазна»**

Нохчийн миеттан а, литературин а хьехархо: Эльдаров 1абдулкъах1иран 1аьрби